Ассаламу гӀалайкум, казбекалъул жамагӀат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 27 (9872) 10 июль 2020 с. /Рузман 19 Зуль-къаг1ида 1441 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

*12 июля*




## *С днём Российской Почты!*

***День российской почты-профессиональный праздник почтовой связи. Этот день справляется во второе воскресенье июля.***
***Почта связывает людей, послание, переданное по почте, может вдохновить и окрылить, подарить надежду или сообщить важную новость.***
***Ваш труд бесценен и важен.***

**Уважаемые работники почты района!**

Сердечно поздравляем вас с профессиональным праздником, желаем вам здоровья и счастья, терпения и понимания, радости и успехов.

С праздником вас!

**Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ**
**Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ**

## ВНИМАНИЕ!

**В нашем районе объявлен особый противопожарный режим**



С 6 июля 2020 года на территории нашего района вводится особый противопожарный режим.

Во время режима запрещен любой открытый огонь, в том числе в мангале и металлической бочке (требования пункта 17 Правил противопожарного режима в РФ утвержденных Постановлением Правительства РФ от 25.04.2012 № 390 и пункта 9 Порядка использования открытого огня и разведения костров на землях сельскохозяйственного назначения и землях запаса, утвержденного приказом МЧС России от 26.01.2016 № 26).

На период действия особого противопожарного режима:

-ограничивается пребывание граждан в лесах и въезд в них транспортных средств;

на территориях поселений, садах, огородах, предприятиях и организациях независимо от организационно — правовой формы запрещено разведение костров, проведение пожароопасных работ на определенных участках, в том числе проведение сельскохозяйственных палов, сжигание стерни, пожнивных остатков и разведение костров на полях, сжигание мусора:

— горючие отходы, мусор, сухую траву, листья собирать на специально выделенные площадки, в контейнеры или мешки.

Пожар — не стихия, а следствие беспечности людей!

Помните и соблюдайте основные требования пожарной безопасности. Обо всех возникших чрезвычайных ситуациях просим немедленно сообщать в ЕДДС МР «Казбековский район» по телефонам **8 (918)846-76-75**, **«112»**, **«101»**.

**Отдел ГО, ЧС и МР администрации**
**МР «Казбековский район»**

# ЦӀа свинаби рагӀалде щвана



Лъалеб букIахъе, гьаб заманалда къойидаса къойиде хинлъи цIикIкIунеб буго, гьурал рахъунел руго ва цIадал ралел гьечIо. Гьелъ, бакI-бакIалда цIаккеялъул хIужаби кколел руго. Дагьал церегIан къояз Дубки посёлокалда гIагарлъухъ бугеб рохьоб цIа ккана. Гьеб свинаби рагIалде бахъинелде Гебехъалаялъул рохьалдаги цIа рекIана.

Жидерго къуваталдалъун **«Казбековское лесничество»** ГКУялъул, районалъул **«ПЧ-42»** гIуцIиялъул хIалтIухъабазе захIмалъулеб букIана цIаялде данде къеркьезе. Гьелъ, гьезие кумекалъе рахъана Дилим, Калининаул, Ленинаул росабазул гIолохъаби. Гьединги цIа свинабизе кIвечIелъул, гIадамазде ва МЧСалъул авиациялде ахIи бана.

8 июлалда цIа свинабизе, районалъул бетIер ХI. Мусаевасул бетIерлъиялда, гIезегIанго гIадамал рахъана. Кумекалъе рачIана Эндирей росдал гIолохъабиги, амма гьездаги тIубанго цIа свинабизе кIвечIо.

9 июлалда кумекалъе МЧСалъул кIиго вертолёт бачIана ва гьез, чанго рейсалдалъун, гьенибе лъим баччана.

**«ПЧ-42»** гIуцIиялъул начальникасул заместитель ТI. Чегуевасулгун ккараб гара-чIвариялда гьес абуна: «***Жакъаги гIезегIанго гIолохъаби рачIана цIа свинабизе. Гьединго, цIакъ кIудияб кумек гьабуна МЧСалъул вертолётазги.***

***Аслияб къагIидаялда цIа свинабуна, гьабсагIат нижеца хал гьабулеб буго цIа свинчIого хутIарал бакIал ругищан. Баркала буго цIа свинабиялъулъ гIахьаллъарал тIолазего»***,-ян.

ЦIаккеялъул гIайиб гIемерисеб заманалда гIадамазда бараб букIуна. Бакараб цIа, сигареталъул хутIел ва гь.ц. рукIуна цIа рекIиналъе кьучI лъураллъун. Халатккун багIариги бугони, цIадалги ралел гьечIони, цIаккеялъе гIиллаби цо чанго нухалъ цIикIкIуна.

***ХIурматиял районцоял!***

ЦIа ккезе биччангутIиялъе ругел рихьизариял, кьури гьечIого, тIуразе ккола, гурони, гьелъ кьолеб зарал нилъер наслуялдацин хъинтIизе бегьула.

ЦIуне нужго ва тIабигIат цIадул балагьалдаса!

**М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ**

# Конкурсалъул хIасилал гьаруна

КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIун 75 сон тIубаялде **«Чапар»** газеталъул редакциялъ лъазабун букIана ***«Щивго кIочон гьечIо, щибго кIочон гьечIо!»*** конкурс.

Гьеб конкурс тIобитIиялъул мурадлъун букIана рагъул заманалда нилъер ракьцояз бихьизабураб бахIарчилъиялъул мисалазда гIолеб гIел ВатIан бокьулеблъун куцай, абадиялъ рагъул гIахьалчагIазул бахIарчиял ишал рекIелъ цIунулеблъун гьеб лъугьинаби.

Бихьулеб буго соналдаса соналде конкурсазул г1ахьалчаг1азул къадар ц1ик1к1унеб бук1ин, Ват1анияб рагъул г1ахьалчаг1азул х1акъалъулъ хъвалел рук1ин гъваридаб маг1наялъул макъалаби ва куч1дул.

Конкурсалда г1ахьаллъараз рач1арал макъалабазул ва куч1дузул халги гьабун, гъоркьехун рехсолел руго ккарал х1асилал:

1. ЧIахIиязда гьоркьоб макъалаби хъваразе тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана - Эсенай Идрисов (Дилим), кIиабилелъе - Зугьра Наврузова (Ленинаул) ва лъабабилелъе - М-апанди Дадаев (Дилим).

2. ЦIалдохъабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI босана - МухIамад ГIабдусаламовас (Хубар), кIиабилеб Муъминат Батиевалъ (Дилим) ва лъабабилеб - Адам МухIамадшариповас (Гертма).

3. Ч1ах1иязда гьоркьоб кучIдузул конкурсалда тIоцебесеб бакI щвана - Зарема МухIамадовалъе (ИчкIа), кIиабилеб - Сакинат ГIабдуразакъовалъе (Хубар), ва лъабабилеб - ГIабдуразакъ МухIамадовасе (ИчкIа).

4. ЦIалдохъабазда гьоркьоб конкурсалда тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана - Г1абдурах1ман Жамалдинов (Буртунай), кIиабилелъе - Зумрат Набиева (Калининаул), лъабабилеб - Ибрагьим Абулаев (Гуни).

Жюриялъ баркала загьир гьабулеб буго конкурсалда г1ахьаллъарал киназего. Гьезие гьарулеб буго щулияб сахлъи, талих1гун рохел ва къалмил бег1ерлъи.

**Жюриялъул членал: И.ИДРИСОВ, Х1.КАРИМОВА ва А.ДИБИРОВА**

**ГIагараб газеталъул божарал гьудулзаби,**

# 12 июль - Россиялъул почтаялъул Къо

**Почтаялъул отделениял ккола гIадамазулгун бухьен бугел, щибаб къойилал хъулухъал гьезул тIуралел бакIаллъун. Гьезулгун бухьен гьечIелги нилъеда гьоркьор ратиларо.**

**Цересел соназ почтаялъул хIалтIи къимат цIикIкIараб букIана. Газеталгун журналал, кагътал, телеграммаби, посылкаби ва гьел гурел цогидалги гIадамазухъе заманалда щвезарулаан почтальоназ. Гьел рукIана щибаб хъизаналъул урхъарал гьалбаллъун, гьезде данде рахъунаан рохалида ва гьел рачIиналъухъ ралагьун рукIунаан. Гьал ахириял соназ хисана гIумрудул гIезегIаналго рахъал.**

**Раккана телефонал, Интернет ва гь.ц. Гьез рес кьуна рукъосанго гIезегIанал хъулухъал тIуразе. Гьел бигьалъаби ракканиги, почтаялъулгун бухьенал лъугIун гьечIо. Жеги руго хъулухъал гьез тIуралел. Цебе букIаралдаса почтальонасул хIалтIул къимат дагьлъаниги, гьаб заманалдаги гьел гьечIого хIебтIуларо.**

**Нилъеда гьоркьор дагьал гьечIо, ракIбацIцIад, жидеда тIадкъараб хIалтIи гьабулел почтаялъул отделениябазул начальникал, операторал ва почтальонал. Гьезулъ рехсезе бегьула отделениябазул начальникал: Гере Гереев (Дилим), Марзият Асланукъаева (Буртунай), Бекмирза Тупаев (Алмахъ), МухIамад ГIусманов (ИчкIа), операторал: ГIунайзат ХIажиева ва Хамика МухIамадрасулова (Дилим), почтальонал: Хасбулат Хасбулатов, Савлият ИсмагIилова, Сапият АмухIамадова (Дилим), Халисат Айдемирова (Ленинаул), Зугьра ГIумарова, Сакинат ГIабдухIакимова (Калининаул) ва гь.ц.**

***ХI. КАРИМОВА***

## *РукIуна гIадамал рихьани гIолел...*

ГIемерал гIадамал руго жал рихьизе бокьулел, ккараб гара-чIвариялда гьелгун ургьел бикьичIониги, гьеб чучлъулеб яги тIаса унеб. Гьединал гIадамалгун дандчIвазе кватIани, нилъер рекIел ахIвал - хIал хIалуцуна ва нилъ дандчIвай балагьизе лъугьуна. Гьезул гIакъилаб, гIодобе биччараб, ва берцинаб каламалъ нилъер пашманал пикраби хисизарула, чорхолъе цо кинабалиго тIадагьлъи рещтIинабула. Цо-цо заманалда рехсарал гIадамал рихьаниги гIола ва гьеб рихьиялъцин рекIел хIал лъикIаб рахъалде цIала.

Гьединал гIадамал киданиги лъугьунаро **«дун»**, **«дица»** абурал рагIаби хIалтIизаризе, гьел даим **«рагIадалъукь»** хутIула, нилъедаса ратIалъун хадуб гурони, гьезие къиматги кьоларо.

Гьезул цояйлъун йикIанин, ракIчIун, абизе бегьула Дайгьанат Жамалдиноваги. Гьейгун ниж гIемер дандчIвалаан, гьелъулги нижерги хIалтIаби гIезегIанго цоцазда хурхаралги рукIана. Кидаго ракIалдаса инаро гьел дандчIваял. ГIисиналгун яги чIахIиялгун гьабулеб гьелъул калам кидаго букIунаан гIодобе биччараб, жиндир рекIелъ бугеб рахIатхвей загьир гьабулареб. Цого берозулъ бихьулеб пашманлъи ялъул рагIадалъулъ бихьизе бегьулаан гьелъул рекIел хIал. Жиндир хъулухъ тIубачIониги, цIикIкIунисеб заманалда гьедин ккезеги кколаан, гьелъ сундалъун букIаниги, гьеб лъазе биччалароан.



**Дайгьанат Мухтаровна Жамалдинова**

гьаюна 1957 соналъ Дилим росулъ. Школалда цIали лъугIун хадуй, гьей лъугьана Хасавюрталъул росдал магIишаталъул техникумалде.

1977 соналъ гьебги лъугIизабун, Дайгьанат гIагараб росулъе тIадюссана ва районалъул нухлул участокалде бухгалтерлъун хIалтIизе лъугьана.

КIиго соналъ гьенийги хIалтIун, гьей почтаялде хIалтIизе лъугьана. КIикъоялдаса цIикIкIун соназ хIалтIана Дайгьанат почтаялда. Гьеб заманалда жаниб гьелъ гIемерал гIадамазул батIи-батIиял хъулухъал тIурана. Гьелъул хIакъалъулъ квешаб рагIи абулебги дида рагIичIо, амма лъикIаб рахъалдасан гьей рехсолел гIемер дандчIвана.

Гьей киданиги хIалтIудаса камуларей ятилин кколаан ва кинаб букIаниги унти гьелъул чорхолъ батилинги кколароан. Амма Аллагьас батIияб хъван букIун буго. Карантиналъул заманалда, хехаб унтиги тIадчIван, Дайгьанат абадияб рукъое ана. Аллагьас Алжаналъул агьлулъун гьаеги гьей.

РакIчIола жий лъалей йикIаразул ракIазулъ гьей даималъ хутIизе йикIиналда.

***М. АТАВХIАЖИЕВА,***
***Дилим росу***

## ГьалракIбацIцIадго хIалтIулел руго



**Бекмирза Бекишович Тупаев**

гьавуна 1954 соналъ Алмахъ росулъ. 1971 соналъ росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, Бекмирза Советияб Армиялде ана. КIиго сонилаб рагъул хъулухъги тIубазабун, гьев гIагараб росулъе тIадвуссана, ва зверосовхозалде хIалтIизе лъугьана. 2001 соналде щвезегIан Бекмирза гьенив батIи-батIиял хъулухъазда хIалтIана. Жиндирго аслияб хIалтIуда цадахъ, гьес жамгIияб хIалтIиги бачана. Гьедин, 18 соналъ гьев вукIана росдал Советалъул депутат лъун, 8 соналъ - депутатазул Собраниялъул председательлъун.

2001 соналдаса гьев хIалтIулев вуго Алмахъ росдал почтаялъул отделениялъул начальниклъун. Росдал гIадамазда Бекмирза лъала тIадкъараб иш жавабчилъиялдаго ва заманалда тIубалевлъун, чIахIиязулгун ва гIисиназулгун рагIи данде ккезабизе бажарулевлъун, гара-чIвариялъулъ махсаро-хочI гьабизе лъалевлъун ва гьеб бичIчIуневлъун, яхI-намус цIунаравлъун.

Бекмирзаца жавабчилъиялда тIоритIана **«Чапар»** ва **«ХIакъикъат»** газетал хъваялъул кампаниябиги.

Гьемерал соназ гьабураб ракIбацIцIадаб хIалтIухъ цо чанго нухалъ Бекмирза к1одо гьавуна ХIурматалъул грамотабаздалъун ва къиматал сайгъатаздалъун.

Бекмирзаца ва лъади Зубайратица 6 лъимер гIезабуна. Гьел жиде-жидер магIишатазда руго.

**МухIамад Маматмирзаевич ГIусманов**

гьавуна 1980 соналъ ИчкIа росулъ. 1997 соналъ росдал гьоркьохъеб школа лъугIарав МухIамад лъугьана Москваялъул экономикаялъулгун правоялъул академиялде.

2002 соналъ цIалиги лъугIизабун, гьев гIагараб росулъе тIадвуссана. 2006-2009 соназ гьев ИчкIа росдал администрациялъул специалистлъун хIалтIана.

2009 соналдаса МухIамад хIалтIулев вуго росдал почтаялъул отделениялъул начальниклъун.



Жидерго росдал г1адамазе гуребги, Мух1амадица хъулухъ гьабизе ккола Гъозталаялъул г1адамазеги. Гьесул х1алт1иялъ жанире рачуна г1адамазе гьаризе кколел г1езег1анго хъулухъал. Гьел заманалда т1уразариялъе х1ажалъула жавабчилъи, сабру, г1адамал ричIчIин ва гьелгун хабар бицине махщел. Гьединал хасиятал гьесулъ г1унги т1ок1ал ругин абизе бегьула. Мух1амад камуларо жамг1иял ишазулъаги.

ИчкIа росдал бетIерасул, росуцоязул рагIабазда рекъон, МухIамад вуго жавабчилъи цIикIкIарав, ракIбацIцIадав хIалтIухъан ва гьел гьесда рази руго. Лъади ПатIиматгун гьес кIиго лъимер гIезабулеб буго.

***И. ИДРИСОВ***

## *ЗахIмалъабазухъ балагьичIого...*

**Савлият Гьамиевна ИсмагIилова**

гьаюна 1977 соналъ Дилим росулъ. Росдал №1 гьоркьохъеб школа лъугIун хадусан, Савлият жиндирго магIишаталде юссана.

2000 соналъ Савлият хIалтIизе лъугьана почтальонлъун.

Гьай-гьай, нилъ киназдаго лъикI лъала почтальонасул хIалтIул захIмалъи. Гьава-бакъалъухъ балагьичIого, гьесда тIадаб буго заманалда гIадамазухъе газетал, журналал, телеграммаби ва гь.ц. информациялъул алатал щвезаризе.

Дагьалъ церегIан соназ, гIадамазул къадар дагьаб заманалда, узухъда, почтальоназе бигьа букIанин абизе бегьула, гьезул къиматги цIикIкIараб букIана. ЦIикIкIана гIадамазул къадар, чIахIалъана росаби ва гIезегIанго захIмалъана почтальоназул хIалтIи.



Биценалда рекъон, Савлиятица, рехсарал захIмалъабазухъ балагьичIого, хIажатал информациялъулал алатал гIадамазухъе заманалда щвезарулел руго.

Подписчиказ Савлият рехсола захIмат бокьулейлъун, кIвахIгьечIейлъун, яхI-намусалда хьвадулейлъун.

ТIаде щвараб профессионалияб байрамги баркулаго, Савлиятие гьарула сахлъи, рохел, талихI ва гьарулел ишазулъ битIккей.

***Д. ГIАБДУЛАХIИТОВА***

# ПОСТАНОВЛЕНИЕ

*06.07. 2020 г.* *№ 58*

*с. Дылым*

## О введении особого противопожарного режима на территории Казбековского муниципального района

В соответствии с постановлением Правительства Российской Федерации от 25.04.2012 № 390 **«О противопожарном режиме», Федеральным законом от 21.12.1994 № 69-ФЗ «О пожарной безопасности»,** постановлением администрации МР **«Казбековский район»** от 08.08.2017 года №77 **«О порядке установления особого противопожарного режима на территории Казбековского муниципального района»**, в целях предупреждения пожаров при установившейся жаркой и сухой погоде и чрезвычайной пожарной опасности администрация МР **«Казбековский район»**

**ПОСТАНОВЛЯЕТ:**

1. Установить на территории муниципального образования МО **«Казбековский район»** особый противопожарный режим с 06 июля 2020 года.

2. Рекомендовать:

2.1. Главам администраций сельских поселений:

-установить на территории сельских поселений с 06.07.2020 года до последующего распоряжения особый противопожарный режим;

-ограничить пребывание граждан в лесах, въезд в них транспортных средств и проведение в них определенных видов работ;

-освободить от горючих материалов, строительных отходов, сухой травы, мусора, тары участки в пределах противопожарных разрывов между зданиями, сооружениями, открытыми складами, а также участки, прилегающие к жилым домам;

-запретить разведение костров, сжигание отходов и мусора на всей территории поселения, за исключением специально отведенных для этих целей мест, оснащенных средствами пожаротушения, пожарной и приспособленной техникой, достаточной для тушения пожаров численностью персонала;

-провести проверку и принять меры к приведению в работоспособное состояние источников наружного противопожарного водоснабжения;

- подготовить и распространить памятки о правилах пожарной безопасности в особый пожароопасный период и действиях при возникновении пожара;

-обеспечить готовность добровольных пожарных дружин к немедленному реагированию на возникновение пожаров и возгораний в период особого противопожарного режима:

-разработать и утвердить график патрулирования территорий;

-при выявлении нарушений настоящего постановления на подведомственной территории составлять акт с последующим его направлением в административную комиссию Казбековского муниципального образования.

2.2. Учреждениям, организациям, иным юридическим лицам независимо от их организационно-правовых форм и форм собственности, крестьянским (фермерским) хозяйствам, общественным объединениям, индивидуальным предпринимателям, владеющим, пользующимся и (или) распоряжающимся территорией, прилегающей к лесу, обеспечить ее очистку от сухой травянистой растительности, пожнивных остатков, валежника, порубочных остатков, мусора и других горючих материалов на полосе шириной не менее 10 метров от леса либо отделяют лес противопожарной минерализованной полосой шириной не менее 0,5 метра или иным противопожарным барьером.

2.3. Руководителю ГКУ **«Казбековское лесничество»:**

-организовать ограничение пребывания граждан в лесах и въезда в них транспортных средств, проведения в них определенных видов работ;

-принять меры по обеспечению ограничения пребывания граждан в лесах и въезда в них транспортных средств, организации дополнительного патрулирования;

-привести в повышенную готовность силы и средства, включенные в План тушения лесных пожаров на территории Казбековского лесничества на период пожароопасного периода 2020 года.

-организовать установление аншлагов с информацией о запрете пребывания граждан в лесах;

-организовать и провести обновление минерализованных противопожарных полос лесных участков в соответствии с требованиями пожарной безопасности.

2.4. Начальнику ОМВД России по Казбековскому району:

-организовать совместную охрану и патрулирование лесов по выявлению нарушений лесного и природоохранного законодательства.

2.5. Начальнику ОНД и ПР №10 :

- применять право административного воздействия на нарушителей правил пожарной безопасности в период действия особого противопожарного режима.

3. Настоящее постановление опубликовать в районной газете **«Чапар»** и разместить на сайте администрации МР **«Казбековский район».**

4. Утвердить прилагаемый перечень дополнительных требований пожарной безопасности, действующих в период особого противопожарного режима.

5. Контроль исполнения настоящего постановления возложить на заместителя главы администрации МР **«Казбековский район»** по общественной безопасности Салимханова И.Б.

***Глава МР «Казбековский район Г.Г. МУСАЕВ***

Приложение
Утвержден
постановлением администрации
МР «Казбековский район»
от 06. 07. 2020 г. №58

### *Перечень дополнительных требований пожарной безопасности, действующих в период особого противопожарного режима*

1. Передача информационных сообщений о введении особого противопожарного режима через средства оповещения гражданской обороны.

2. Организация дежурства граждан и работников предприятий, расположенных в населенном пункте в помощь членам добровольной пожарной дружины.

3. Подготовка для возможного использования имеющейся водовозной и землеройной техники.

4. Организация патрулирования территорий населенных пунктов силами местного населения и членов добровольных пожарных дружин с первичными средствами пожаротушения.

5.Установка в сельских населенных пунктах у каждого жилого строения емкости (бочки) с водой.

6. Проведение разъяснительной работы о мерах пожарной безопасности и действиях в случае пожара через средства массовой информации на безвозмездной основе.

7. В условиях устойчивой сухой, жаркой и ветреной погоды или при получении штормового предупреждения - временная приостановка разведения костров, проведения пожароопасных работ на определенных участках, топки печей, кухонных очагов и котельных установок, работающих на твердом топливе, в сельских населенных пунктах.

8. Ограждение периметров территорий летних детских оздоровительных лагерей, расположенных в лесных массивах, защитной минерализованной полосой шириной не менее 6 метров.

9. Устройство защитных противопожарных полос шириной не менее 10 м. со стороны преобладающего направления ветра, ,удаление сухой растительности в условиях устойчивой сухой, жаркой и ветреной погоды или при получении штормового предупреждения для исключения возможности переброса огня при лесных пожарах, а также при пожарах на землях сельскохозяйственного назначения, на здания и сооружения населенных пунктов, расположенных в лесных массивах и в непосредственной близости от земель сельскохозяйственного назначения.

10. При опасности возникновения лесных пожаров - ограничение передвижения по территории лесных насаждений автомобильного транспорта .

11. Обеспечение безвозмездного использования общественного транспорта для экстренной эвакуации населения.

# БУДЬТЕ ОСТОРОЖНЫ!

Основными причинами возникновения природных пожаров являются: непотушенная сигарета, горящая спичка, тлеющий пыж после выстрела, масляная тряпка или ветошь, стеклянная бутылка, преломляющая лучи солнечного света, искры из глушителя транспортного средства, сжигание старой травы, мусора вблизи леса, расчистка с помощью огня лесных площадей для сельскохозяйственного использования или обустройства лесных пастбищ. Но одним из основных потенциальных источников природных пожаров является костёр. В ряде случаев природные пожары становятся следствием умышленного поджога, техногенной аварии или катастрофы.

В каждое лето лесные пожары начинаются с неизбежностью, приводящей в отчаяние. К этому нельзя привыкнуть. Леса восстанавливаются десятилетиями. Если вы хоть раз видели лесной пожар, то не забудете эту страшную картину никогда.

Специалисты МЧС России дают рекомендации, как поступить, если вы попали в зону лесного пожара.

**С целью недопущения пожаров в природной среде, запрещается:**

- бросать в лесу горящие спичи, окурки, тлеющие тряпки;




- разводить костёр в густых зарослях и хвойном молодняке, под низко свисающими кронами деревьев, рядом со складами древесины, непосредственной близости от созревших сельхозкультур;
- оставлять в лесу само возгораемый материал: тряпку и ветошь, пропитанные маслом, бензином, стеклянную посуду, которая в солнечную погоду может сфокусировать солнечный луч и воспламенить сухую растительность;
- выжигать сухую траву на лесных полянах, в садах, на полях, под деревьями;
- поджигать камыш;
- разводить костёр в ветреную погоду и оставлять его без присмотра;
- оставлять костёр горящим после покидания стоянки.

**Если вы оказались вблизи очага пожара в лесу** и у вас нет возможности своими силами справиться с его локализацией, предотвращением распространения и тушением пожара, немедленно предупредите всех находящихся поблизости людей (специальные службы) о необходимости выхода из опасной зоны. Организуйте их выход на дорогу или просеку, широкую поляну, к берегу реки или водоема, в поле. Выходите из опасной зоны быстро, перпендикулярно к направлению движения огня. Если невозможно уйти от пожара, войдите в водоем или накройтесь мокрой одеждой. Выйдя на открытое пространство или поляну дышите воздухом возле земли - там он менее задымлен, рот и нос при этом прикройте ватно-марлевой повязкой или тряпкой.

После выхода из зоны пожара сообщите о месте, размерах и характере пожара в администрацию населенного пункта, лесничество или противопожарную службу, а также местному населению. Знайте сигналы оповещения о приближении зоны пожара к населенному пункту и принимайте участие в организации тушения пожаров.

Пламя небольших низовых пожаров можно сбивать, захлестывая его ветками лиственных пород, заливая водой, забрасывая влажным грунтом, затаптывая ногами. Торфяные пожары тушат перекапыванием горящего торфа с поливкой водой. При тушении пожара действуйте осмотрительно, не уходите далеко от дорог и просек, не теряйте из виду других участников, поддерживайте с ними зрительную и звуковую связь. При тушении торфяного пожара учитывайте, что в зоне горения могут образовываться глубокие воронки, поэтому передвигаться следует осторожно, предварительно проверив глубину выгоревшего слоя.

***Т.ЧЕГУЕВ,***
***заместитель начальника ПЧ-42***

*Дин ва г1умру*

# Налъи гьаби

Шаригlаталъ нилъее ихтияр кьола налъи гьабизе, амма беццуларо, хlажалъи гьечlого, налъаби гьаризе. Налъи гьабиялъ чи мискин гьавула.

Цо лъикlаб иш гьабизе налъиялде хlажалъи ккани, налъи гьабулаго, ният букlина кlванагlан хехго гьеб бецlи. Гlемеразул бугеб кlудияб гъалатl буго, налъиги букlаго, хlажат гьечlелда т1ад г1арацги хвезабун, гьеб исрап гьаби ва, рес бугониги, налъи тlубай нахъбахъи.

Гьединго, налъи бугев чи х1алт1ич1ого чlезе бегьуларо, ва гьев хlалтlиялдаса чlухlизе бегьуларо. Сагlид- афандияс (къ.с.) хъвалеб буго:

**«Налъиги гьабун, гьоцlогун нах кванаялдаса, налъиги гьечlого, бакъвараб чедги цlамги кванай лъикlаб буго»,**-ян.

Хlадисалда абулеб буго гъазаваталда хвезегlан вагъаниги, налъи тlад букlаго, гьев чиясда Алжан бихьуларилан. Нужеца налъи гьанибго бецlе, ахираталда бецlизе тоге, гьениб гьеб цlакъ захlмалъула.

Гьединго, хlадисалда абулеб буго, бецlизе ниятги гьечlого, налъи гьаби боцlи бикъи бугилан.

Гьединго, гlедегlизе ккола, тlоцебесеб иргаялда, хваразул налъи бецlизе, гьеб бецlизе захlматаб хlалалде ккани, хlалтlила, щваралъе ц1уна-къай гьабила ва къабулал гlужаз гьаб дугlаги цlалила: **«Аллагьумма - кфини бихlалалика гlан хlарамика ва агънини бифазлика гlамман сивака. Аллагьумма инни агlузу бика минал гьамми вал хlазани ва агlузу бика минал касали ва агlузубика минал бухли вал джубни ва агlузубика мин гъалабати ддайни ва къагьри рријали»**.

(Я дир Аллагь, дуца хlалалалдалъун ва дурго цlобалдалъун дие гlезе гьабе, чияде ккезе течlого, дунги цlуне ургъел-къварилъиялдаса, кlвахlалдаса, бажарунгутlиялдаса, бахиллъи цlуниялдаса, налъиялъ ва гlадамаз хlал гьабиялдаса).

Гьаб буго свалат-салам лъеяв Аварагас налъи бецlизе бигьалъизе цlалеян малъарал дугlабаздасан цояб. Амма цохlо дугlа цlалун гlоларо, цере рехсарал шартlалги тlуразе ккола.

**Исламияб календаралдаса босараб**

# Оберегайте себя от интернет-мошенничества!




Один из популярных способов мошенничеств, основанных на доверии связан с размещением объявлений о продаже товаров на электронных досках объявлений и интернет-аукционах. Как правило, мошенники привлекают своих жертв заниженными ценами и выгодными предложениями, и требуют перечисления предоплаты путем перевода денежных средств на электронный кошелек.

Благоразумие поможет и здесь. Внимательно изучите объявление, посмотрите информацию о лице, разместившем его. Если торговая площадка имеет систему рейтингов продавцов, изучите отзывы, оставленные другими покупателями, не забывая, однако, о том, что преступники могут оставлять положительные отзывы о себе, используя дополнительные учетные записи. Воспользуйтесь Интернет-поиском. Иногда достаточно ввести в форму поиска телефонный номер или сетевой псевдоним продавца для того, чтобы обнаружить, что эти данные уже использовались в целях хищения денежных средств и обмана покупателей.

Посмотрите среднюю стоимость аналогичных товаров. Чересчур низкая стоимость должна вызвать у вас подозрение. Если продавец требует перечислить ему полную или частичную предоплату за приобретаемый товар на электронный счет, подумайте, насколько вы готовы доверять незнакомому человеку. Помните, что перечисляя деньги незнакомым лицам, посредством анонимных платежных систем, вы не имеете гарантий их возврата в случае, если сделка не состоится.

**ЗУБАЙРИЕВ Г.А., юрисконсульт ОМВД**

# Прокуратура сообщает...

Прокуратурой района проведена проверка по поступившему обращению жительницы Хасавюртовского района о злостном уклонении от уплаты алиментов на содержание несовершеннолетних детей.

В ходе проверки установлено, что в Казбековском РОСП УФССП России по РД в отношении жителя нашего района возбуждено исполнительное производство о взыскании алиментов на содержание несовершеннолетних детей.

Несмотря на то, что 28.02.2020г. он был привлечен к административной ответственности ( ч. 1 ст. 5.35.1 КоАП РФ), в виде обязательных работ сроком на 150 часов, должных мер для исполнения судебного решения по погашению образовавшейся задолженности он не предпринял и продолжал злостно уклоняться от уплаты средств на содержание несовершеннолетних детей, задолженность которого на 15.06.2020 года составила 299 521,00 рублей.

Материалы проверки прокуратурой района направлены в Казбековский РОСП УФССП России по РД для решения вопроса об уголовном преследовании.

По результатам их рассмотрения возбуждено уголовное дело по ч. 1 ст. 157 УК РФ (неуплата средств на содержание детей).

# Кlудияб ками ккана



Гьаб соналъул апрелалда хабар баккана Хlабиб Нурмухlамадовасул эмен Гlабдулманап больницаялде кканилан ва хадусан гьев Москваялде витlанилан. Гьесул сахлъиялда хадуб хал ккуразул къадар, гьайгьай, дагьаб букlинчlо. Кигlан тохтурзабаз хlаракат бахъаниги, Гlабдулманап хвалил квачlикьа вахъизе кlвечlо ва 3-аб. июлалда гьев гlумруялдаса ватlалъана.

Гьев гьавуна 1962 соналъ Ц1умада районалъул Сильди росулъ. Гьес яшав гьабун бук1ана Гъизилюрт районалъул Кироваул росулъ ва гьенив вукъана.

Вас Хlабибица жиндир цlар тlибитlизабуравлъун гурев Гlабдулманап вукlарав. Гьитlинго бухьен гьабуна гьес спортгун. Эркенаб гугариялъул мастер, Россиялъул мустахlикъав тренер, Украиналъул (дзюдо ва самбо) чемпион Гlабдулманап кколаан вас Хlабибил тренерлъунги.

2019 соналъ Гlабдулманап восана Россиялъул рекордазул тlахьиде, гьес рахъинаруна рагъулаб самбоялъул гlемерал чемпионал.

Гьединго, гьесул нухмалъиялда,18 дунялалъулго чемпионалги рахъана. Дагъистаналъул, Россиялъул спорталъе кlудияб ками ккана.

**Районалъул спорт бокьулел**

*Инсан ва гIумру*

# Кьо цlигьабуна



2005 соналъ, гlадамазе хьвадизе санагlалъи букlинелъун, Дилим росдал **«Ах»** микрарайоналда кьо гьабун букlана. Ана сонал, гlемерлъана микрорайоналда яшав гьабулезул къадар. Кьо цlигьабизелъун къотlи ккана гьеб къачlазе.

Хlалтlи бетlералде бахъинабизе тlадкъана Гьарун Гlабдулбасировасда ва Хlажи Муртазгlалиевасда. Росдал администрациялъ, гlолохъабаз (гlарцудалъун ва хlажатаб материалалдалъун) кьо цlигьабиялъул суал, захlматаб заман букlиналде балагьичlого ва къокъаб заманалда, бетlералде бахъинабуна.

Гьеб, Аллагьасул кириги гlадамазул баркалаги щолеб ишалъулъ гlахьаллъарал гlолохъабазул цlарал гьанир рехсезе рес гьеч1о, гьезул сияхl халатаб буго.

**«Ах»** микрорайоналъул гlадамаз ракl-ракlалъулаб баркала загьир гьабулеб буго гьеб пайда цlикlкlараб ишалъулъ гlахьаллъарал тlолазего.

**И. ИДРИСОВ**

# Объявление

Утерянный аттестат №0058925 о полном среднем образовании, выданный Ленинаульской средней школой №2 в 2008 году на имя Магомедова Мухамеда Рафаэловича, считать недействительным.

*Бетlерай редактор:*
*Джамиля ХlабирахIмановна ГIабдулахIитова*
*55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*МухIамад-Шарип ГIабдулашимов*
*тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби:*
*Хlалимат Каримова,*
*Ибрагьим Идрисов,*
*Асият Дибирова*

*Набор: Меседо Хlайбаева*
*Верстка: Марьям Атавхlажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес:*
*367032, РД Махlачхъала шагьар Насрудиновасул къватl №61*

*Газета хlадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.*
*Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.*
*Хlакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,*
*Индекс: 51354*
*Заказ №368 Тираж 1100*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хlужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*